

Lwa sou salè ak lè travay yo kouvri sijè tankou salè minimòm, lè siplemantè, poz, konje ak peman revokasyon. Manyèl Anplwaye w la ap gen ladan l tou règleman espesifik konpayi w lan sou peman, konje ak lòt dwa. Si ou pa dakò ak anplwayè w la sou kantite èdtan y ap peye w oswa kantite lajan y ap peye w la, li itil pou w konprann lwa a.

Lwa sou Travay

Salè minimòm:

Nan Florid, tout anplwayè yo dwe peye salè [minimòm leta a](#), ki pi wo pase salè minimòm federal la.

Lè siplemantè:

Lwa sou Nòm Jis nan Travay (FLSA) egzije pou anplwayè yo peye omwen 1.5 fwa to èdtan regilye anplwaye yo pou lè travay ki depase 40 nan yon semèn travay. Gen kèk anplwaye ki pa kouvri anba egzijans sa a, jan yo eksplike sa nan [Gid Referans FLSA a](#).

Tan konje:

Li komen pou anplwayè yo ofri konje peye (PTO) bay anplwaye yo, men lalwa Florid ak lalwa federal pa egzije pou anplwayè yo ofri konje peye.

Pran Aksyon

Depoze yon Plent bay Anplwayè w la:

Si ou kwè patwon ou ap vyole lwa sou salè nan nivo eta a oswa federal la, ou ka pote yon plent fòmèl nan konpayi ou an. Revize manyèl anplwaye ou a pou etap pou depoze yon plent. Kenbe yon kopi plent ou a pou dosye ou.

Depoze yon Plent nan Depatman Travay Etazini an:

Si patwon ou pa rezoud pwoblèm ou an, ou ka depoze yon plent nan Divizyon Salè ak Lè Travay nan Depatman Travay Etazini. Yo ka mennen ankèt sou patwon ou epi deside si li pa t respekte lwa a.

Pale ak yon Avoka:

Epitou ou ka kapab depoze yon pwosè pou rekipere salè ak domaj, plis frè avoka ak depans tribinal. Lwa ki gen rapò ak salè yo konplike epi gen limit tan pou depoze yon reklamasyon sou salè. Si ou kwè ke y ap vyole dwa w, ou ta dwe pale ak yon avoka.

Additional Resources

- [Salè Minimòm Florid](#)
- [Depoze yon plent nan Depatman Travay Etazini an](#)
- [Jwenn epi Reklame Salè Ou Ke ou Pa Touche yo](#)